



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LIDÈ AK OTORITE KI ELI NAN LONG ISLAND YO ABÒDE KRIZ LOJMAN NEW YORK LA APRE VIZIT GOUVÈNÈ HOCHUL LA NAN PATCHOGUE POU METE AKSAN SOU KONTRA LOJMAN NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te fè yon toune nan Patchogue nan Konte Suffolk, Long Island avèk lidè lokal ak otorite ki eli yo, pou mete aksan sou eleman kle Kontra Lojman New York la -- estrateji konplè Gouvènè a te anonse nan bidjè egzekitif Ane Fiskal 2024 la pou abòde kriz lojman New York la epi konstwi 800,000 nouvo kay nan pwochen deseni an. Defansè yo te eksprime gran sipò yo pou vizyon Gouvènè a pou fè New York vin pi fasil pou viv, pi aksesib, ak pi abòdab.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Long Island byen pozisyone pou kwasans ekonomik ki dirab k ap ede pwoteje valè pwopriyete yo epi frennen ogmantasyon taks yo, gras ak envestisman Gouvènè a nan transpò ak atou inovasyon rejyon nou an. Sèl gwo menas kont pwosperite ekonomik sa, se kriz lojman an epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèské li atake kriz sa alabaz. Gouvènè a te avanse yon plan k ap ankouraje minisipalite lokal yo travay deprè ak eta a pou abòde yon pwoblèm ki enpòtan anpil pou avni ekonomi nou an."

Majistra Vilaj Patchogue Ia, Paul Pontieri te deklare, "Depans pou lojman se pwoblèm anpil moun Long Island fè fas. Isit la nan Patchogue, nou te fè anpil pou abòde kriz lojman an nan Long Island epi nou te konstui lojman itilizasyon miks pou mendèv la pou jèn adilt ak granmoun aje yo ka rete isit la pandan y ap patisipe nan ekonomi lokal nou an. Mwen te gen plezi pou montre Gouvènè a kijan dansite ak konsepsyón mache ansam epi mwen pa ka tann pou travay ak administasyon li a pou asire ke kominote nou yo kapab abòde kriz lojman an ak zouti yo bezwen pou aplike chanjman."

Ko-Prezidan LIREDC, John Nadler te deklare, "Mank lojman nan pri abòdab rejyon an te jennen kapasite Inivèsite a anpil pou rekrite epi konsève talan. Li vital pou nou abòde rate lojman sa pou siksè alavni Inivèsite a ak Long Island."

Ko-Prezidan LIREDC, Linda Ardyn te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèské li dèské li ogmante disponiblite lojman antanke yon eleman ki enpòtan anpil pou kwasans ekonomik kontini Eta New York".

Prezidan Local 338 RWDSU/UFCW, John Durso te deklare, "Nou ankouraje pa angajman Gouvènè Kathy Hochul pou abòde pwoblèm lojman plizyè jenerasyon sa. Nou pa ka tann pou travay avèk li ak lòt pati konsène yo nan Long Island pou abòde pwoblèm enpòtan sa ke rejon an ap fè fas."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare, "Mache imobilye Long Island lan dezekilibre nèt. Mwen bat bravo pou pozisyon Gouvènè a pou eseye atake pwoblèm sa, pou nou ka avanse epi abòde bezwen lojman yo nan toulede konte yo."

Direktè Egzekitif Long Island Housing Services Inc., Ian Wilder, te deklare, "Gouvènè Hochul merite kredi dèské li kanpe pou pwopoze yon vizyon pou abòde mank lojman Long Island lan - espesyalman lojman nan pri ki abòdab. San yon plan, Long Island -- espesyalman ekonomi nou an -- ap kontinye vide akoz manke kote pou abite. Menm si opozan ak detay Kontra Lojman gouvènè yo, dakò ke nou gen yon kriz. Byenke apre tout tan sa, opozan sa yo pa rive bay yon lòt opsyon fèydewout. Se poutèt sa nou kontinye sipòte Kontra Lojman an antanke yon zouti ki pou kay, pou Long Island pou avanse nan teyori pou jwenn solisyon yo."

Direktè Egzekitif Housing Help Inc., Pilar Moya-Mancera te deklare, "Plan Kontra Lojman an se yon ekselan opòtinite pou abòde bezwen lojman jèn adilt yo, sitwayen granmoun, moun ki enfim yo, ak klas k ap travay di a, ak travayè esansyèl yo ki se kolòn vêtebral ekonomi nou an. Sa fè lontan ke nou te dwe kòmanse envesti nan siksè kounye a ak siksè alavni kominote Long Island lan. Anplis, Plan Kontra Lojman an se yon opòtinite enkwayab pou inogire yon nouvèl épòk nan Long Island pou mete fen nan segregasyon an. Li pa akzeptab moralman ke an 2023 nou ap viv nan yon rejon kote kòd postal ou soti detèmine esperans lavi ou, kalite edikasyon, sante, ak kalite lavi ou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Community Development Corporation, Long Island Gwen O'Shea te deklare, "Nou felisite Gouvènè a dèské li eseye atake baryè ki anrasine ke te anpeche opòtinite kay ak ekonomik pou anpil moun. Nou kwè ke rafinman yo ka favorize rezulta yo prevwa yo, tankou rekonpanse kominote piyonye yo (tankou Vilaj Hempstead ak Patchogue) epi ankouraje sib kwasans yo ak finansman ki ogmante pou gouvènman lokal yo abòde enkyetid presi yo ki lye ak pwoteksyon anviwònman ak kapasite enfrastrikti."

PDG Konsèy Sante ak Byennèt Long Island (Health and Welfare Council of Long Island) Rebecca Sanin te deklare, "Mank lojman ki aksesib ak nan pri abòdab Long Island lan afekte anaplwa konpetitif, sante piblik, sekirite ak retansyon jèn pwofesyonèl ki te ale nan lekòl ekselans yo men ki bezwen bon pri pou rete nan nivo lokal nan kominote yo. Mank sekirite, lojman nan pri abòdab nan Long Island se premye pwoblèm ekonomik ak sosyal ki anpeche pwogrè nou antanke yon rejon, ki kontrekare byennèt fanmi epi anpeche premye banlye Amerik la vin yon destinasyon pou envestisman ak inovasyon. Yon kombinezon resous, enfrastrikti ak modivasyon prensipalman nesesè pou kominote endividyièl yo ka planifye efektivman pou reponn ak bezwen ak potansyèl

yo epi pou yo vin kominote ki atire pou jenerasyon alavni yo viv, travay epi elve fanmi yo nan Long Island."

Prezidan Huntington Township Housing, Hunter Gross te deklare, "Mwen fyè pou sipòte Kontra Lojman Eta NY Gouvènè Hochul la. Nou pa ka kontinye genyen fanmi klas mwayèn, jèn pwofesyonèl ak rezidan ki aje nan tout ras ki ekskli de mache lojman an. Plan sa ap atake restriksyon zòn nan, pandan l ap travay ak lokalite yo pou deside sou ki lojman ki sanse pou kominote yo. Se vreman yon evidans pou ekonomi Long Island lan."

Enstiti Konstriktè Long Island (Long Island Builders Institute) Mike Florio te deklare, "Gouvènè a gen rezon pou rekonèt ke sitiyasyon aktyèl la p ap rezoud kriz lojman an nou tout konnen ki egziste a. Lè nou bay resous ak motivasyon epi travay ansanm pou konprann bezwen inik chak kominote, nou ka devlope yon plan transfòmasyon ki benefisyé Moun Long Island yo kounye a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

Vis Prezidan Pwogram Eta yo pou Asosyasyon Planifikasyon Rejyonal Ia, Melissa Kaplan-Macey, te deklare "RPA fyè pou sipòte pwopozisyon Kontra Lojman New York Gouvènè Hochul la. Byenke okenn estrateji pa yon solisyon mirak k ap abòde bezwen lojman yo nan eta nou an, gen yon bagay ki trè klè - pou reponn ak defi lojman nou an, nou dwe pèmèt gen plis kay ki konstui. Nou dwe travay nan kolaborasyon pou rezoud pwoblèm apwovizyonman lojman nou an nan tout nivo gouvènman an -- pou abòde alafwa kriz lojman aktyèl nou an epi pèmèt kwasans alavni."

Ofisyen prensipal pwogram Long Island Community Foundation Sol Marie Alfonso-Jones te deklare, "Long Island se yon rejyon dinamik ki gen atou ekstraòdinè. Men nou pa t kenbe menm rit ak bezwen lojman yo. Mank lojman kalite nan pri abòdab nou an kontinye yon anpechman prensipal pou kalite lavi pou rezidan, travayè ak pwopriyetè biznis nou yo. Nou rekonesan pou lidè minisipal ki wè pi devan nou yo ki te kreye opsyon kontra lojman inovan pou reponn ak bezwen popilasyon divèrsifye nou an. Nou bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pou sipòte tout minisipalite Long Island yo pou kreye kay ki enklizif k ap asire ke rejyon nou an rete yon bèle kote dinamik kote tout moun ka pwofite de yon bon kalite lavi."

Direktè Egzekitif ak PDG HIA-LI, youn nan òganizasyon defansè biznis ki pi remakab nan Long Island ak entandan Pak Inovasyon Long Island Ian nan Hauppauge, Terri Alessi-Miceli te deklare, "HIA-LI is kontan anpil ke Gouvènè Hochul rekonèt ke avni ekonomi Long Island Ian depann de disponibilite lojman ki ogmante - espesyalman pou ede konsève jèn pwofesyonèl k ap viv epi travay isit la nan rejyon bi-konte a. Kontra Lojman New York la se yon nouvo apwoch ke, ak kontribisyon lokal, ka ede garanti karaktè rezidansyèl kominote nou yo."

Fondatè ak Prezidan Minority Millennials, Inc., Dan Lloyd te deklare, "Minority Millennials sipòte vizyon kontra lojman Gouvènè Hochul la, youn nan kriz lojman ijan ki abòde ak odans nan rejyon nou an epi travay pou asire ke pwochèn jenerasyon Long

Island lan gen opòtinite pou elve fanmi yo nan Long Island pandan yo ka pèmèt yo pouswiv Rèv Ameriken an. Nou apresye ke plan an pèmèt gouvènman lokal yo chwazi solisyon ki taye pou kominate yo ak finansman, planifikasyon, ak sipò administratif nan men eta a. Se yon moman inik pou lidè rejyonal yo travay sou nouvo solisyon pou yon pwoblèm ki ansyen anpil: lojman."

Michael Daly nan East End YIMBY te deklare, "Paran, travayè esansyèl, jèn pwofesyonèl, pwopriyetè biznis, granmoun, ak lidè kominate atravè Long Island dakò ke modèl demode nou an pou kreye lojman nan pri ki abòdab la te echwe pou kominate nou yo. Nou bezwen yon nouvo apwoch. Byenke gen plas pou amelyorasyon, objektif Kontra Lojman New York yo rezonab epi ofri yon seri zouti ke yo te eseye epi teste ke yo te pwouve ki reyisi nan vil ak komin toupatou nan Etazini. Motivasyon yo ap pèmèt epi ankouraje chak minisipalite pou abòde pwòp bezwen lojman yo nan fason ki benefisyé rezidan ak biznis lokal yo. Nou sipòte Kontra Lojman NY la. Nou kontan anpil pou wè kisa twa ane k ap vini yo ap pote pou kominate nou renmen yo, epi nou konfyan ke I ap ede konstui yon avni ki pi briyan pou tout Moun Long Island."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EAC Network Neela Mukherjee Lockel te deklare, "EAC Network bat bravo pou Gouvènè Hochul dèské li rekonèt gravite kriz lojman an epi pran mezi pou abòde pwoblèm nan. Nou rekonèt nan ki pwen pwoblèm nan grav, patikilyèman isit la nan Long Island, epi nou kontan pou wè ke se yon priyorté pou Gouvènè a."

Prezidan ERASE Racism Laura Harding te deklare, "Estrateji Gouvènè Kathy Hochul nan tout eta a pou abòde kriz lojman New York la reprezante yon premye etap kouraje pou atake defi prensipal lojman abòdab la nan Long Island ak atravè New York. Li pwopoze solisyon k ap benefisyé tout Moun Long Island lè li ogmante opsyon lojman yo. Li abòde bezwen popilasyon ki pi vilnerab yo epi li atake eksklizyon zòn nan ki nan kè pozisyon Long Island antanke youn nan 10 rejyon ki gen plis segregasyon rasyal nan peyi a."

Prezidan Chanm Komès Afriken Ameriken Long Island (Long Island African American Chamber of Commerce, Inc.), Phil Andrews te deklare, "Lojman nan pri abòdab nan Long Island se youn nan pwoblèm ki pi presan nan Long Island. Nou dwe abòde pwoblèm sa nan yon fason ki ijan paske pwoblèm sa ap drène rezèv talan Long Island lan, epi afekte ekonomi rejyon an nan yon fason negatif."

Lokatè ak Rezidan nan, Tracy Todd Hunter te deklare, "Lojman nan pri abòdab nan Long Island se yon nesesite ki ijan. Jèn, granmoun, chèf fanmi selibatè, ansyen militè, moun ki gen enfimite nou yo gen yon bezwen espas nan pri ki abòdab ki ijan. Etidyan k ap gradye nan inivèsite aktyèlman ki pare pou rejwenn mendèv Long Island lan pa ka lwe yon apatman oswa posede yon kay akoz depans elve lojman ki pa koresponn ak salè yo. Opsyon yo minim. Swa yo abite ak paran yo, chèche kolokatè oswa travay plizyè djòb pou ganye ase pou kenbe yon twati sou tèt yo. Granmoun ki fèk pran retrèt yo dwe panse nan fason ki estratejik tou. Anpil granmoun kontinye ap travay menm nan 70 ane yo akoz chwa yo limite, epi yo prefere pa renonse ak endepandans yo lè yo

vann yon kay ki te refij pou reyinyon fanmi yo, kote souvni santimantal, ki dire te reyalize. Gen kèk ki oblige demenaje ak yon pitit/fanmi oswa yo dwe demenaje ale nan yon eta kote lojman pi bon mache epi yo kapab pwofite de laj dò yo pase pou yo ap enkyete pou dekovri Sen Pyè pou kouvri Sen Paul. Okenn granmoun pa ta dwe janm santi li pa an sekirite epi fè fas ak eleman ki stresan tankou pou konnen si y ap genyen yon twati sou tèt yo apre yo fin travay tout lavi yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)